**दिन–गुरूवार** **दिनांक–24.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानमंडलक मॉनसून सत्रक चारिम दिन आइ सेहो दुनू सदन सभ मे एसआईआरक मुद्दा पर विरोध प्रदर्शन जारी अछि। सदनक कार्यवाही शुरू हेबा सँ पहिने विपक्षक सदस्य सभ विधानमंडल परिसर मे जमि कऽ हंगामा कयलनि। प्रदर्शनकारी विधायक विधानसभाक मुख्य द्वार पर बैस गेलाह। हलांकि, एसआईआर पर चर्चाक मांग मानि लेल जयबाक कारणे विधानसभाक कार्यवाही शांतिपूर्ण माहौल मे शुरू भेल। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादवक आग्रह पर एसआईआर कँ लऽकऽ अपन पक्ष रखबाक लेल समय देलनि। तेजस्वी प्रसाद यादव काल्हुक घटनाक्रम पर खेद जतएलनि। ओ कहलनि अछि जे एसआईआर कँ लऽकऽ सुप्रीम कोर्ट मे मामिला चलि रहल अछि। श्री यादव कहलनि अछि जे आयोग कँ कोनो व्यक्तिक नागरिकता साबित करबाक अधिकार नहि अछि। ओ कहलनि जे चुनाव आयोग कँ ई सुनिश्चित करबाक चाही कि एकहुटा योग्य मतदाताक नाम मतदाता सूची सँ नहि कटए। नेता प्रतिपक्ष कहलनि अछि जे एहि मुद्दा के लऽकऽ मुख्यमंत्री के सेहो सदन कँ आश्वस्त करबाक चाही।

---

चर्चा मे भाग लैत कांग्रेस विधायक दलक नेता शकील अहमद खां कहलनि जे चुनाव आयोगक कदम संवैधानिक प्रावधानक खिलाफ अछि। ओ अभियानक समय–सीमा पर सवाल उठौलनि। भागपा–मालेक महबूब आलम कहलनि जे एसआईआर कँ कारणे आम लोक खास कऽ प्रवासी मजदूर कँ काफी परेशानी भऽ रहल अछि। सीपीएमक अजय कुमार एसआईआर के तत्काल वापस लेबाक मांग कयलनि अछि। एम्हर, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सत्ता पक्षक दिस सँ बाजैत कहलाह जे राज्य मे एसआईआरक संवैधानिक प्रक्रिया सुचारू रूप सँ चलि रहल अछि। ओतहि संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सभ राजनीतिक दल आओर मतदाता सभ कँ अश्वस्त कयलनि जे कोनो योग्य मतदाताक नाम नहि कटत। दोबारा जखन सदनक कार्यवाही शुरू भेल तऽ समाज कल्याणक विभागक मंत्री मदन सहनी विभागक बजट आओर अन्य विभाग सभक अनुपूरक अनुदान मांग सभ कँ स्वीकृत करबाक अनुरोध कयलनि। चालू वित्त वर्षक लेल प्रथम अनुपूरक मांग कँ स्वीकृति प्रदान कऽ देल गेल। एकरा संगहि, बिहार विनियोग विधेयक दू हजार पच्चीस के सेहो पारित कऽ देल गेल।

---

उपमुख्यमंत्री सह वित्त मंत्री सम्राट चौधरी आइ नियंत्रक आओर महालेखा परीक्षक–सीएजी कऽ रिपोर्ट विधानसभाक पटल पर प्रस्तुत कएलनि। श्री चौधरी कहलनि अछि जे राज्यक वित्तीय स्थिति लगातार उन्नति कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे बर्ष दू हजार बाईस–तेईसक तुलना मे चौदह दशमलव चारि सात प्रतिशत सँ बेसी कऽ दर सँ बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे ई राज्यक वित्तीय व्यवस्थाक कुशल प्रबंधन सँ संभव भेल अछि।

---

एम्हर, लोकसभा मे आइ सेहो एसआईआरक मुद्दा पर गतिरोधक स्थिति बनल अछि। विपक्षक जोरदार हंगामक कारणे प्रश्नकाल समेत सदनक अन्य कार्यवाही प्रभावित भेल अछि। नारेबाजी आओर हंगामाक बीच अध्यक्ष ओम बिड़ला सदनक कार्यवाही कैँ दिन भरिक लेल स्थगित कऽ देलनि।

---

राज्य मे चलि रहल मतदाता सूचीक गहन पुनरीक्षण कऽ कार्य आब पूरा होयबाक समीप अछि। चुनाव आयोग बतएलक अछि जे एखन धरि अभियानक तहत निन्यानवे फीसदी मतदाता सभक सत्यापन कएल जा चुकल अछि। आयोग कहलक अछि जे सात करोड़ एकैस लाख सँ बेसी गणना फॉर्म एकत्र कएल गेल अछि। आब सात लाख सँ कम्मे मतदाता सभ कैँ अपन फॉर्म जमा करबाक अछि। आयोग इहो बतएलक जे सत्यापनक क्रम मे बीएलओ आओर बीएलए कऽ माध्यमे एकैस लाख छओ हजार मृत मतदाता सभ कैँ पहचान कएल गेल अछि। एकतीस लाख पांच हजार एहन लोक पाएल गेलाह अछि जे स्थाई रूप सँ दोसर विधानसभा क्षेत्र सभ मे स्थानांतरित भऽ गेल छथि। जखनकि सात लाख मतदाता सभ एक सँ बेसी जगह पर पंजीकरण करा कऽ रखने छथि। लगभग एक लाख एहन मतदाता छथि जे अपन निवास पर नहि भेटलाह। चुनाव आयोग कहलक अछि जे एहन मतदाता सभक सूची राजनीतिक दल सभक संग पहिनहि सँ साझा कएल जा चुकल अछि। ताकि ओ कोनो त्रुटिक पहिचान कऽ सकैथि।

---

विधानसभा चुनाव के लऽकऽ राज्य मे सियासी गर्मी तेज भऽ गेल अछि। राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा आइ पटना मे हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आओर केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी सँ भेंट कयलनि। श्री मांझी अपन सोशल मीडिया पोस्ट मे

कहलनि अछि जे मुलाकातक दरमियान राज्यक वर्तमान राजनीतिक परिदृश्य पर चर्चा भेल अछि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक सिकटी थाना क्षेत्र मे भारत—नेपाल सीमाक समीप एसएसबी आओर उत्पाद विभागक टीम छापेमारी कऽ भारी मात्रा मे नेपाली शराबक संग एकटा तस्कर कँ गिरफ्तार कएलक अछि।

———————————————————————————

मॉनसूनी स्सिटम के कमजोर पड़ि गेला सँ प्रदेशक अधिकांश भाग सभ मे अल्प बरखाक स्थिति बनल अछि। ओतहि, वायुमंडल मे आद्रता बढ़ि जएबाक कारणे लोक सभ कँ उमस भरल गर्मीक सामना करऽ पड़ि रहल अछि। मौसम विभाग आइ सुपौल, अररिया, किशनगंज, पूर्णियां, बांका, कटिहार, भागलपुर आओर बक्सर जिला मे अनेक स्थान सभ पर भारी बरखाक संभावना जतएलक अछि। एहि दरमियान राज्यक उत्तर—मध्य आओर उत्तर—पश्चिम भाग सभ मे कतेको स्थान सभ पर बिहाड़ि—बरखाक संग वज्रपातक आशंका अछि।

———————————————————————————

समाप्त